

THE FREEDOM POST

A Monthly Publication of Freedom shores
Elementary School
3400 Hypoluxo Road, FL 33436 (561) 804-3100



FEBRUARY 2024

A note from Mr. Sabatino,



Chè Paran / Gadyan:

Wow Janvyè a se te yon mwa okipe! Nap kontinye avanse nan mouvman ane rapid sa a. Pandan mwa a, nou te genyen sware STEM, Dejene alfabetizasyon 3èm ane, plizyè pwomenad, epi tout aktivite chak jou nan klas yo. Nou te konplete 2èm wonn nan Evalyasyon eta nou yo.

Sware STEM nou an se te yon gwo siksè. gras ak tout anplwaye nou yo ak sipò paran yo. Pwofesè nou yo te kreye anpil diferan aktivite pratik ke timoun yo te gen chans fè epi timoun yo te jwe anvan yo te kapab mennen yo lakay yo. Tout moun te wè ki jan yon sikwi te travay nan jwe yon gita ki bezwen kous la dwe konplete epi tou ki jan chanjman chimik yo te fèt. Ansanm ak aktivite Syantifik yo genyen anpil jwèt matematik ki te jwe.

Dejene Alfabetizasyon timoun 3èm ane yo te montre ke anpil paran fè lèkti avèk pitit yo, epi aprann anpil ide vital pou yo itilize lakay yo lè yap fè lèkti ak timoun yo ansanm. Nou remèsye ekip 3èm ane a ak tout paran yo! Nou pat genyen yon sware plezi fanmi nan mwa Janvyè a, men nou kapab gen yon nan mwa Fevriye kap vini an. Tanpri gade plis nfòmasyon konsènan evènman yo pou wè kòmanw kapab vini amizew avèk nou.

Tanpri sonje pou mennen pitit ou lekòl la anvan 8:00 epi klas yo ap kòmanse a 8:00 nan maten. Lèw mennen yo bonè nan maten, yo kabab pran ti dejene si yo vle epi mete yo prè pou aprann. Epitou si se nan machin ou mennen pitit ou lekòl, fè yo mete yo prè pou desann machin nan lè yo rive nan maten. Yo dwe desann nan bò ki fèt pou pasaje yo rapidman ke sa ka fèt lew kanpe devan lekòl la. Epitou, lèw ap vin chache yo pa kanpe machin ou devan pòt kote Bis yo dwe pase a, epi pa kanpe tou nan okenn pwopriyete vwazen nou yo. Ou dwe sèlman vini nan antre prensipal devan lekòl la epi pran pitit ou a devan rantrè lekòl la. Sa va pèmèt nou kenbe tout timoun an sekirite epi vwazen nou yo va kontan lèn fèl konsa.

Nou genyen rankont SAC ak PTO abityèlman nan 3èm Mèkredi nan chak mwa a 7:00 nan maten. Alò tanpri kenbe nan lespriw epi eseye wè kòmanw kapab vini, sa ka pèmèt ou gen dènye enfòmasyon konsènan sa kap fèt lekòl la. Nou swete byenvini ak tout paran nou yo epi pataje kèk ide. Pwochen rankont nou an ap fèt nan 21 Fevriye a 7:00 nan maten nan Media Center a.

Mèsi pou tout sipò ak koperasyon ou chak jou. Nou tout ap travay ansanm poun edike Lidè avni mond lan.

Paran pran kèk minit pou ou kapab bay fidbak ou sou lekòl nou an lè ou ranpli yon sondaj kout nan lyen ki anba a:

<https://www.questionpro.com/a/TakeSurvey?tt=M6GCNlqHoIQECHRPeIW9eQ%3D%3D>

After School Program

Enskripsyon an ap kontinye..... Frè enskripsyon an se \$25 dola pou chak timoun.

2023-2024 Afterschool, Enskripsyon an kounye a li disponib Online.

<https://palmbeachcountyschools.reg.eleyo.com/pick> 2023-2024 ane lekòl la epi pa bliye pou chwazi Freedom Shores Elementary.

Ekolaj:

Frè pou mwa Fevriye a li dwe totalman paye anvan oubyen nan 15 Fevriye 2024 pou evite peye yon frè anplis pou reta.

Vakans pou Prentan an ap vini byento!



Imè

Kisa kupon pou achte te di ak anvelòp pou jou Sen Valanten an?

Mwen frape sou ou.

Kòman telefòm te pwopoze GF li a?

Li te bali yon son.

Kisa ou rele yon Plezi vrè lanmou?

Bon Zanmi ou.

Ki kalite Flè ou pa dwe bay nan jou Sen Valanten?

Chou!



Counselor's Corner

Mrs. Heitz
diana.heitz@palmbeachschools.org

Mrs. Briceno
vanessa.serrano-briceno@palmbeachschools.org

Alo Paran ak Gadyen!

Si ekip ou a oubyen revni klian w nan se te \$75,000 oubyen pi piti nan 2024, yo kapab aplike depo taks yo gratis!

United Way of Palm Beach Country's Taxes Filed Free bay taks peyè avèk revni piti oubyen modere pou aplike gratis epi sa ka fèt nan posibilite an pèsòn oubyen Online pou prepare epi aplike taks retou gratis. Kanpay ki antre nan 21èm syèk premye ane nan 18 Janvyè 2024, se yon sèvis ki gen anpil valè pou kominote ya. Ou ka vizite www.taxesFiledFree.org pou aprann plis konsènan kanpay gratis taxes Filed, sèvis yo ofri ak ki kote sit nou ye nan tout kontre Palm Beach Country a. Ou ka aprann kote sit yo ye ak jou epi lè operasyon fèt ou ka rele nan numewo sa a 2-1-1.

Tanpri ede nou fè pwomosyon pou sèvis taks gratis sa a.

Pou konvenyans ou, nou atache afich pwomosyonèl la nan lang Anglè. Nou te kreye tou yon paj wèb ak resous telechaje gratis pou rann li fasil pou w ede United Way of Palm Beach Country ankouraje sèvis taks GRATIS sa a.

Mwen ankourajew pou gade resous ki disponib yo epi yo gen ladan yo:

www.TaxesFiledFree.org





Konsyans sou zafè andikap ak dileksya:
Ou kapab jwenn resous yo nan lyen sa
a: <https://fndusa.org/> or
<https://www.undertood.org/en>



The Parent As Liaison (Pal)

Paran kòm lyezon (Pal) se Ms. Mary Black, ou kapab jwenn li nan: mary.black.c@palmbeachschools.org pou asistans lèw ap navige pandan ESE pwosis la. Pou plis enfòmasyon sou Pal yo epi Inivèsite paran yo, ou ka jwenn li la a:
<https://www.fdlrsalpha.org/parent-services>.




Child Find

"Child Find" ap ofwi enfòmasyon ak tès depistaj pou timoun 3-5 an ki gen difikilte pou yo aprann, pale, jwe, wè, mache, oubyen tandè. Pou kòmnnse pwosis la, silvouplè rele ekip "Child Find" lan nan nimewo telefòn sa a (561) 434-7337.



Siw gen bagay ou ta renmen konnen, oubyen nouvo bagay ou ta renmen pataje avek ekip ESE a, silvouplè kontakte Dr. Vereen, ESE Coordinator nan telefòn sa a 561-804-3110 oubyen nan email sa a: sharrie.vereen-thomas@palmbeachschools.org.



CONTACT:
Dr. Sharrié Vereen, ESE Coordinator
sharrie.vereen-thomas@palmbeachschools.org
561-804-3110



Freedom Shores Elementary

PTO & VOLUNTEER

Mèsi ak tout moun ki te sèvi kòm volontè epi ki deja ranpli 10 èdtan Volontè yo (ou ka toujou fè plis - nou renmen èd la!). Nou toujou bezwen plis volontè, gade etap sou kòman yo enskri anba a:

- Fè eskane ID ou atravè sistèm Raptor / VIPS.
- Ranpli yon aplikasyon pou volontè sou òdinatè sistèm Suivi VIPS count la.
- Ranpli fòmasyon volontè Distri a ak oryantasyon (Kowòdonatè Volontè a ap bay fòmasyon an).

Sonje ke ou pa kapab volontè nan pwòp klas pitit ou a. Li egzije kew konplete 10 èdtan volontarya anvanw ka vin yon chapewon nan pwomenad oubyen pou ede nan yon jou pwomenad.

Ou dwe konplete oryantasyon volontè a anvan ou sèvi kòm volontè nan nenpòt kan distri a.

UPCOMING EVENTS

- 15 Febriye - Krèm glase Kona pandan rekreyasyon.
- 21 Febriye - PTO / SAC rankont a 7:00 am.
- 29 Febriye - Dans amitye.

Friendship Dance Volunteer signup sheet



FOR MORE PTO INFORMATION:
freedomshorespto@gmail.com

FOR MORE VOLUNTEER INFORMATION:
freedomshoresvolunteers@gmail.com

BACK TO
School

SCAN FOR HELPFUL PARENT LINKS

S.O.A.R



Will be updated as information comes out

Dual Language & Esol



ACCESS TESTING

Tès aksè - Tès yo ap kontinye mwa sa a. Tout elèv ELL yo K-5 ap pran tès aksè ant 22 Janvyè pou rive 15 Mas 2024. Si ou gen kesyon, tanpri kontakte Ms. Coffman nan 804-3109.


Konferans paran: Pwofesè yo pwograme pou 2èm semès konferans paran yo. Si nimewo telefòn ou ta chanje, tanpri voye bon nimewo a bay pwofesè pitit ou a.



Istation Awards (prim): Nou te kòmanse rekonèt elèv ki sòti nan K-5 lè nou prezante yo sou tablo Istasyon an (Istation Board) pou siksè yo. Elèv ki te nan nimewo 1 oswa ki te amelyore nivo yo pandan mwa a te resevwa yon prim. Elèv ki anba nivo 1 an ta dwe travay sou Istasyon an omwen 45 oubyen 60 minit yon semèn, epi yo ta dwe travay sou li lakay yo anplis nan sal klas la.

Pòtal Paran Istasyon (Istation Parent Portal): Èskew konen nan ki nivo pitit ou a ye? Si w pa konnen, gen 2 chemen ou ka jwen li! Premyèman ou ka mande pwofesè panyol pitit ou a, oubyen ou ka mande yon paran ki gen pitit li nan 2 lang pwogram yo, ou kapab gen aksès Online nan Portal Paran Istasyon an.

Pou kòmanse, ale nan <https://www.istation.com/istationhome>. Premye fwa wap Log In, yap mandew pou chwazi lekòl elèv ou a. Tape enfòmasyon lekòl ou a. (Ou ka fèsa yon sèl fwa). Answit, tape enfòmasyon pou konekte elèv ou a jan pwofesè w la bay li a epi klike sou log In. Login sa a diferan de login distri lekol la. Si w bezwen èd oswa si w gen nenpòt kesyon, tanpri pa ezite mande pwofesè panyol pitit ou a. oubyen Ms.Concepcion nan maibelis.concepcion@palmbeachschools.org



Kindergarten:

Hooray, fantastik jadendanfan nou yo se yon ti kras plis pase 100 jou PI ENTILE! Kòm lektè nou ap kontinye pratike ak itilize konpetans nan dekode yo li mo. Sa vle di ke elèv yo ap reflechi sou sa yo li epi tcheke pou asire ke sa yo li koresponn ak mo ki nan paj la. Sa a gn ladan tou rekonet erè ki fèt ak repare yo tou swit lèw ap li. Lè lekti elev yo pa selman korije tet yo, men tou fe sans ak konprann istwa a. Mwa sa a nap chita sou aprann nouvo son pou aplike nan lèkti. Nan ekriti jèn otò nou yo ap travay pou ekri tèks yo li yo. Nan Matematik, nap kontinye pratike faktè matematik yo, tou de adisyon ak soustraksyon.

First Grade:

Famiy premyè ane... Mwa Fevriye a kapab byen kout, men li ranpli ak sijè ak tèm ki kapab kenbe nou okipe pandan tout mwa ki long yo! Ann rete konekte... Tcheke pwofesè pitit ou a siw ta genyen kesyon oubyen bagay ou pa konprann. Sonje pou gade nan Folderkominikasyon pitit ou chak swa pou met tout bagay klè. Nan lèkti, nou konsantre nou sou istwa ak anseye anpil leson (fiksyon istori). Tanpri li chak swa pou anviwon 30 minit! Na ekriti, nou konsantre sou ekri pwòp opinyon nou. Nan Matematik, nou kapab apran kòman trase, mete nan lòd, epi konpare 2 chif nimewo. Lakay, pratike konte nn chif ki pi piti pou ale nan sak pi gran an, oswa konte nan chif ki pi gran an pou vini nan sa pi piti a, epi 10 plis / 10 mwens nan tablo 100. Nan etid sosyal, nou kapab aprann nan sa ki gen awè ak: matyè an mouvman. Kesyon esansyèl la se "kòman yon objè fè deplase?" Lakay, imajine ki objè ki kapab koule oubyen flote. Sware Syans lan se te yon gwo siksè. Mèsi ak tout moun ki te vini ladanl. Tanpri, kontinye li k pitit ou yo, epi mande yo ki sa yo aprann.

Second Grade:

Mwen paka kwè sa nou deja pase 100 jou lekòl, nou te tèlman genyen selebrasyon amizan epi entèlijan ki te rive pandan 100 sa yo. Mwa sa a se mwa istwa moun nwa epi nou kontan poun aprann konsènan bagay sou kilti nwa yo ak bagay ki reyalize avèk moun nwa ki enpòtan. Nan Matematik mwa sa a nou aprann nan sa ki gen awè ak lajan ak tan, pwochòn fwa ou pral peye nan magazen mande pitit ou a poul kontrole monnen an! Nan lèkti, nou te li konsènan istwa popilè, epi kòman diferan kilti kapab anseye nou diferan leson. Gen anpil evènman enpòtan kap vini nan mwa sa a: 2/2 nap gen pwomenad nou nan "Norton Museum of Art", 2/14, se selebrasyon jou Sen Valanten, alò elèv yo kapab pote yon kat oubyen trete pou klas la pou yo selebre amitye yo te fè, epi 2/19 pa gen lekòl. Tanpri sonje kontinye techeke katab pitit ou a, se katab ble a pou enfòmasyon enpòtan! Mèsi pou tout sipò ou!

Third Grade:

Nou vrèman eksite poun pataje aktyalizasyon sou pwogrè nou nan nouvèl ane a. Elèv nou yo te resaman konplete 2èm iReady Reading ak Diagnostik Matematik. Nou te kontan wè pwogrè ke yo te fè. Pwofesè nou yo kapab itilize done sa yo pou pèfeksyone enstriksyon yo epi asire ke elèv yo byen prepare pou evalyasyon leta a nan fen ane a.

Kòm mwa Fevriye a se mwa koulè nwa, nou kapab mete tan poun rekonèt ak onore sa nou akonpli, kontribisyon, ak rich istwa moun kise Ameriken nwa ki sòti nan tout mond lan. Elèv nou yo kapab gen opòtinite pou aprann bagay ki enpòtan nan sa ki gen awè ak wòl ameriken afriken jwe nan fòm istwa peyi nou an.

Pwochen inite referans nan lèkti se "Pran Desizyon" (Making Decisions." A travè inite sa a, nap kapab eksplòre trè karaktèstik varye epi tire konklizyon konsènan leson karaktè sa yo aprann nou ak tèm nou kapab dedwi. Nan Matematik, sou prochen inite yo, elèv yo kapab aprann sa ki gen awè ak fraksyon. Nan fen inite yo, elèv yo dwe kapab idantifye, reprezante, epi ekri fraksyon nan plizyè fason.

Tanpri, kontinye kontwòle devwa lakay pitit ou a, gade si devwa yo fèt epi ankouraje yo pou yo li pandan 20 minit chak swa. Anplis, silvouplè make kalandriye ou a epi Rezilta yo kapab disponib nan SIS (student Information system, Sistèm enfòmasyon Elèv) nan dat 22 Fevriye a.

Mèsi pou sipò enkonidyonèl ou ak kolaborasyon w nan edikasyon pitit ou a!

Fourth Grade:

Alo ankòr fabuleux paran 4èm ane! Sa kap vini pou mwa sa a se mwa istwa moun nwa. Club Yoga chak Madi maten 7-7:30 pou elèv 4èm ane, Jedi 15 Fevriye Kona Ice, Alfabetizasyon nan moman manje maten an 7:15 am pou elèv 4èm ane. Jedi 22 Fevriye rezilta yo ap poste sou gateway portal Online, Vandredi 23 Fevriye a se Fwa Liv Scholastic la ap kòmanse, epi Jedi 29 Fevriye se dans zanmitay! Mèsi paskew ap kontinye kominike ak pwofesèpitit ou a, asirew ke pitit ou a konplete devwa lakay yo chak jou, isi atan chak maten.

Fifth Grade:

Mèsi ak tout fanmiy ki te vini nan sware STEM lan. Li te gen anpil bagay amizan ladanl lè nou te pase nan faz pratik yo. Li te bèl pou wè anpil fanmiy ki te vini epi pran plezi aprann. Nou te travay sou pwezi pandan blòk lèkti nou an. Nan Syans nou te aprann bagay konsènan fòs ak mosyon. Matematik se tou sa ki gen awè ak fwaksyon. Nou plonje nan divize fraksyon.

School Info




FWA LIV SCHOLASTIC

23 FEVRIYE - 01 MAS

02

FEBRUARY

2024

Sunday	Monday	Tuesday	Wednesday	Thursday	Friday	Saturday
				1 First day of Black History Month *Wear Clothing to represent your culture*	2 2nd grade field trip- Norton Museum 9:30-12:30 National Wear Red Day	3
4 National School Counselor Week!	5	6	7	8	9	10
11	12	13	14	15 Kona Ice during recess	16 7:15 am- 4th grade literacy breakfast	17
18	19 No School	20	21 7:00 am- SAC/PTO Meeting	22 Report cards posted Bus driver appreciation	23 First day of Book Fair	24
25	26	27	28 7:15 am-Granola for Grandparents Pink Shirt Day "Lift Each Other Up"	29		